

# KIYÈS KI KAPAB FÈ YON DEMANN AZIL NAN PEYI KANADA ?

Yon ajan imigrasyon pral deside si w otorize fè yon demann azil Kanada aprè li fin egzaminen si dosye w lan ka pase.



## OU PAP OTORIZE FÈ YON DEMANN AZIL KANADA SI :

- Ou deja genyen stati refijye nan yon lòt peyi kote w kapab retounen.
- Ou te fè yon demann azil deja men li pat aksepte, ou te retire l', ou pat kontinye l', osinon demann la pat ranpli kondisyon yo.
- Ou fè yon demann azil nan yon pòs ofisyèl sou fwontyè a : genyen kèk eksepsyon, tankou si w gen yon manb nan fanmi w Kanada.  
(Ou kapab al gade dokiman sa : « Kiyès ki kapab fè yon demann azil sou fwontyè a ? »).
- Ou te travèse fwontyè a nan fason ilegal malgre yo te fin deja refize w rantre nan youn nan pòs ofisyèl ki sou fwontyè a.
- Ou pa kapab rantre Kanada pou rezon sekirite paske w te komèt zak kriminel grav osinon vyolasyon dwa moun.



## SI OU ADMISIB :

- Demann ou an ap transfere nan Komisyon imigrasyon ak stati refijye Kanada (CISR).
- Komisyon an pral evalye jiska ki nivo ou pè ak risk pèsekisyon nan peyi kote w soti a epi lap gen pou l' deside si demann azil ou a ap aksepte.  
(Gade dokiman : « Kiyès ki kapab jwenn azil nan peyi Kanada »).



## SI OU PA ADMISIB :

- Nan yon pòs ofisyèl sou fwontyè a : yo pap kite w rantre Kanada;
- Anndan peyi Kanada osinon nan aryopò: ou dwe kite Kanada, sof si Kanada te fè yon kanpe sou depòtasyon pou peyi kote ou soti a.
- Avan w pati, ou kapab fè yon demann Egzamen Risk Avan yo voye w tounen (ERAR). \*

\*Yon ajan imigrasyon pral revize demann ou te ekri a, avan yo voye w tounen, pou li evalye ki risk ki pandye sou tèt ou si yo retounen w nan peyi w. Si demann ou an apwouve wap jwenn otorizasyon rete Kanada.